

**AVI ELEKSYON REFERENDÒM SOU OBLIGASYON
POU OBLIGASYON A KARAKTÈ JENERAL
KI PRAL ÒGANIZE NAN DAT MADI 11 MAS 2025**

VIL PEMBROKE PINES, FLORIDA

Yon referendòm sou obligasyon yo pral òganize nan vil Pembroke Pines, an Florid, nan dat 11 Mas 2025. Objektif referendòm obligatè a se pou detèmine si obligasyon a karaktè jeneral (« obligasyon yo ») vil la ta dwe emèt, pou yon montan total an prensipal (san gade kont eskont la ni prim emisyon inisyal la) ki pa depase de (2) san trant milyon dola (230 000 000 \$). Obligasyon yo pral obligasyon jeneral Vil la epi yo pral garanti pa plèn fwa, kredi ak pouvwa taksasyon ad valorem ilimite Vil la. Obligasyon yo ka emèt nan youn oswa plizyè seri, yo pral rive a echeyans oplita trant (30) lane aprè emisyon yo, epi obligasyon yo pral jenere enterè dapre to maksimòm lalwa a otorize nan moman vant obligasyon yo. Lajan ki resevwa ak enterè ki pwodui pa emisyon Obligasyon yo pral itilize pou finanse Pwojè yo (jan yo detaye nan Rezolisyon an). Pwojè yo gen ladann travo konstriksyon ak amelyorasyon, ki gen ladann, men se pa sa sèlman: (i) yon komisarya polis epi yon konplèks sekirite piblik; (ii) nouvo enstalasyon kominotè tankou renovasyon Plaza a nan Charles F. Dodge City Center, ki enkli ogmantasyon espas evenmansyèl la, yon nouvo konfigirasyon wout la epi zòn pou depoze pasaje yo, yon nouv ekleraj, yon drenaj, yon siyalizasyon, bòdi, yon nouvo eleman antre ak yon amenajman peyizaj la; (iii) amelyorasyon enstalasyon rekreyativ ki gen ladann renovasyon pak yo, paking yo, yon drenaj, yon amenajman peyizaj la, paviyon, santye pou fè pwonad, amelyorasyon twalèt yo, yon ekleraj, ekipman pou fè egzèsis, ekipman pou teren jwèt timoun yo, yon siyalizasyon, teren basketball, stands konsesyon, amelyorasyon teren gòlf la ak renovasyon enstalasyon divètisman yo nan plizyè pak nan vil la; (iv) amelyorasyon wout yo ak enfrastrikti yo, tankou elajisman wout yo, konstriksyon wout, amelyorasyon drenaj, chemen ki gen plizyè fonksyon (polivalan), amelyorasyon twotwa yo, limyè ki vire, amelyorasyon kafou yo, moderasyon sikilasyon an, dispozitif kontwol sikilasyon, siyalizasyon, amenajman peyizaj la epi amelyorasyon enfrstrikti yo; epi (v) akizisyon teren pou kreyasyon pak anplis epi lojman ki gen pri modere. Detanzantan, vil la kapab bay prezizyon siplemantè konsènan pwojè yo. Pou kapab jwenn nenpòt enfòmasyon konplemantè konsènan de pwojè an patikilye, kontakte biwo sekretè vil Pembroke Pines, Florida, nan 954-450-1060.

Emisyon obligasyon sa yo epi òganizasyon eleksyon referandè sa a te otorize pa rezolisyon no. **3892** Komisyon minisipal vil la te adopte nan dat 18 Desanm 2024.

Konfòmeman ak Konstitisyon epi lwa Eta Florid yo, tout elektè kalifye vil Pembroke Pines, Florida, yo gen dwa pou vote pandan eleksyon referandè a sou obligasyon yo avi sa a fè referans.

**VIL PEMBROKE PINES, FLORIDA
KONTRA OBLIGASYON DÈT JENERAL**

**ÈSKE YO TA DWE BAY KONTRA OBLIGASYON
DÈT VIL PEMBROKE PINES YO AN PLIZYÈ PATI,
POU YON MONTAN TOTAL KI PA DEPASE
\$230,000,000, KI TA DWE DIRE PA PI PITI PASE 30
LANE APATIDE DAT KI SOU YO A, PANDAN Y'AP
KOLEKTE ENTERÈ NAN YON TO KI PA DEPASE
TO MAKSIMÒM LEGAL LA , KE YO TE
DETÈMINE NAN MOMAN YO T'AP VANN YO A,
EPI KI PEYAB DAPRÈ TAKS AD VALOREM, POU
BAY FON LAJAN POU KONSTRIKSYON AK
AMELYORASYON YON LOKAL LAPOLIS -
SEKIRITE PIBLIK, LOKAL KOMINOTÈ, LOKAL
REKREYATIF, AMELYORASYON WOUT AK
ENFRASTRIKTI, AK AKIZISYON TEREN?**

ANFAVÈ KONTRA DÈT YO KONT KONTRA DÈT YO

☐☐

Vil Pembroke Pines, Florida, ap otorize pou emèt obligasyon yo ke kesyon ki anlè ap konsidere, sèlman si emisyon sa a apwouve pa yon vòt majorite elektè kalifye vil la ki vote sou sa.

Vil Pembroke Pines, Florida
Debra Rogers
Sekretè vil la